



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/23/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 19 PWOPRIYETE KI NOMINE POU RANTRE NAN  
REJIS PLAS ISTORIK ONIVO NASYONAL AK ETA**

***Ba Julius Manhattan, yon peyizaj nan mouvman dwa omoseksyèl yo, deziyen kòm  
yon sit istorik***

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke Komisyon Konsèy Eta New York pou Prezèvasyon Istorik te rekòmande 19 pwopriyete adisyonèl, resous ak distri yo nan Eta ak rejis nasyonal plas istorik yo. Nominasyon yo reflekte anplè remakab istwa New York ki klase apati yon peyizaj Vil New York nan mouvman dwa omoseksyèl yo a yon kan Kò Konsèvasyon Sivil sivivan ra, pou rive a yon baz fondamantal Kanpis Sid Inivèsite nan Buffalo.

“Peyizaj sa yo fè pati nan istwa rakonte rich nou epi ede nou defini sa li vle di pou w yon Nouyòkè,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou mete pwèn repè sa yo sou rejis ak plas istorik Nasyonal ak Eta, nap onore epi konsève eritaj yo epi bay vizitè yo chans pou aprann sou istwa vibran eta sa.”

“Dènye nominasyon sa yo reprezante eritaj rich ak divès New York,” te deklare **Rose Harvey, Manm Komisyon Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation.** “Rekonèt epi sipòte peyizaj sa yo ap ede mete aksan sou pase nou epi konsève byen ki iranplasab pou lavni.”

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik onivo federal ak eta. Stimile pa reyabilitasyon kredi taks komèsyal ki jere pa Biwo Konsèvasyon Istorik Eta, devlopè yo te envesti \$550 milyon nan tout eta nan 2015 pou renove pwopriyete yo ki te liste sou Rejis Nasyonal Plas Istorik yo, pandanke pwopriyete yo ap itilize kredi taks ki te envesti plis pase \$12 milyon nan tout eta pou renovasyon kay pou ede revitalize katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite ak òganizasyon nan kominote yo toupatou nan eta a te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, pwopriyete yo liste nan Rejis Plas Istorik Eta New York la e apres a yo nomine nan rejis nasyonal plas istorik la, kote yo revize yo, epi yon fwa yo apwouve, yo rantre nan rejis nasyonal la. Wap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#). Biwo Parks, Recreation ak Prezèvasyon Istorik.

## **VIL NEW YORK**

### **Konte New York**

Bar Julius, Manhattan – Youn nan bar ki pi ansyen nan vil la kap kontinye fonksyone, etablisman Vilaj Greenwich se te sit yon evènman enpòtan nan ane 1966 nan kòmansman mouvman dwa omoseksyèl yo kote aktivis yo te òganize sa ki te vin konnen tankou yon “sip-in” pou konteste avèk siksè defi règleman New York State Liquor Authority ki entèdi bar yo pou sèvi bwason a gason masisi oswa lesbyèn ke yo konnen oswa sispèk.

Legliz Metodis Episkopal Calvary, ki rele kounye a Salem United Methodist Church, New York – Bati nan 1887 epi agrandi nan 1890 pou youn nan kongregasyon ki pi dinamik nan katye klas siperyè nan Harlem, orjin blan, kongregasyon Episkopal Metodis la te vann legliz la a yon kongregasyon Metodis Episkopal Afriken-Ameriken nan 1924.

### **Konte Kings**

Simityè Beth Olam, Brooklyn ak Queens – Etabli nan ane 1851 pa twa nan pi ansyen sinagòg yo nan Vil New York – Shearith Israel, B’nai Jeshurun, ak Shaaray Tefila – simityè sa montre devlopman koutim finèb nan zòn iben yo, evolisyon kalite simityè, ak istwa Jidayis nan Vil New York.

## **LONG ISLAND**

### **Konte Suffolk**

Harrison Downs House ak Farm, Riverhead – Fèm Italyen 1923 te kòmanse kòm yon retrèt gentleman, men depi lè sa te sèvi kòm baz pou yon fèm komèsyal jeneral Long Island pou sis jenerasyon nan menm fanmi an.

## **HUDSON VALLEY**

### **Konte Dutchess**

Attlebury Schoolhouse, Stanford – Konstwi nan ane 1910 apre lekòl seksyon riral

Attlebury 19yèm syèk la te boule nan yon dife aksidan, chanm modès inik, kay lekòl la te sèvi non sèlman kòm yon sant edikasyon men egalman kòm yon sant pou kominote riral la.

### **Konte Orange**

Bodine Tavern, Montgomery – Ti kay la ak brasri te bati nan 1809 pa James Bodine pou reponn a sikilasyon nan zòn nouvo charte Minisink ak Montgomery Turnpike.

### **Konte Sullivan**

Distri Istorik Anba lavil Callicoon, Callicoon – Apre ke yo te ouvè yon depo nan chemendefè New York & Erie nan 1848, seksyon riral la te pwospere kòm yon sant sèvis lokal, aterisaj rivyè a ak arè chemendefè pandan peryòd lè popilasyon ak ekonomi Delaware Valley ak catskills adjasan yo te atenn nivo ki pi elve yo.

### **Konte Ulster**

Biwo Konpayi Fitch Brothers Bluestone , Kingston – bati nan ane 1870, dezyèm modèl bilding Empire ki te konstwi avèk ekstrè wòj ble, transpòtasyon, tretman, ak biznis anbakman ki te anplwaye plis pase yon milye gason nan wotè li yo e li se pyès santral nan ekonomi lokal la.

### **Konte Westchester**

New York, Westchester & Boston Railway Highbrook Avenue Bridge, Pelham – Fini nan 1911, egzanp bonè yon pon arch-anbeton ki ranfòse se yon fragman nan ansyen chemendefè NYW&B, sa ki te inogire nan 1912 kòm yon filyal nan Chemendefè New Haven, men ki pa siviv nan ane 1930 yo.

## **CENTRAL NEW YORK**

### **Konte Cortland**

Konpayi Crescent Corset, Cortland – Bilding faktori lajounen 1923 te kòmanse kòm yon sit manifakti sou non konpayi prive J.C. Penney kòsèt “Lady Lyke”, kote travayè imigran yo, pifò fi yo ki soti Italy, te konpoze yon gwo pati nan mendèv la.

## **NORTH COUNTRY**

### **Konte Hamilton**

Kan Kò Konsèvasyon Sivil S-90, Spekilatè – Sit la gen ladan koleksyon ki pi entak nan bilding kan Kò Konsèvasyon Sivil (CCC) nan eta, kote enskri yo nan pwogram

soulajman travay Gwo Depresyon – ki te bati epi etablisman amelyore nan sèt sit kan, tè eta rebwaze, elimine plant lamè ki te asosye avèk wouy anpoul, te konbat dife forè, epi chèche moun ki te disparèt – te baze apati 1934 jiska 1941.

### **Konte Lewis**

Lekòl No. 2 Leyden Common, Talcottville – Apati konstriksyon l kòm yon lekòl komen nan ane 1870, nan entegrasyon l an yon distri lekòl santralize nan mitan 20yèm syèk la, nan obsolans ak fèmti l nan 1963, ti biznis sa montre kou edikasyon nan pifò seksyon riral nan upstate New York.

## **LWÈS NEW YORK**

### **Konte Erie**

Edmund B. Hayes Hall, Buffalo – Konvèti apati yon ansyen bilding Almshouse nan Konte Erie nan ane 1925-26, modèl bilding renouvo Georgian te vini pati santral yon nouvo kanpis ki te devlope pou Inivèsite Buffalo, sa ki te pote ansanm diferan moun ak pwogram kolèj, epapiye nan vil la, pou etabli yon sant kolèj modèn santral.

### **Konte Niagara**

South Junior High School, Niagara Falls – Youn nan de lekòl segondè premye sik ki te konstwi nan Niagara Falls nan 1922-1923 pou akomode enskripsyon ki tap ogmante epi sèvi yon nouvo tandans nan edikasyon, bilding lan te fonksyone kòm yon lekòl segondè premye sik jiska 1985.

## **FINGER LAKES**

### **Konte Ontario**

Distri Istorik Canandaigua, Canandaigua (agrandisman limit) – Agrandisman an ap ajoute 68 pwopriyete ki kontribye ki menm jan nan peryòd ak modèl pou sila yo ki nan lis distri a te kreye nan 1984 e li te elaji peryòd siyifikasyon an nan 1967 pou rekonèt istwa mitan ak fen ventyèm syèk la nan vilaj la.

## **CAPITAL REJYON**

### **Konte Columbia**

Columbia Turnpike East Tollhouse, Hillsdale – Bilding epòk 1830 yo sèvi kòm yon sant pati lès yon seri kay peyaj sou Columbia Turnpike, sa ki te yon wout transpòtasyon enpòtan apati fwontyè Massachusetts pou rive nan pwen tèminal li ant 1800 ak 1906.

## **Konte Rensselaer**

Ansyen Legliz Metodis Lansingburgh, Troy – Kounye a se kay Legliz Advantis Joy of Troy, legliz modèl kay reyinyon te bati nan ane 1849; elaji pa dèyè pou akomode enstalasyon yon enstriman nan 1875; e nan 1903 yo te fè yon mizajou apwofondi nan renesans Kolonyal la.

Konpayi Manifakti Penti William Connors, Troy – Konplèks Endistriyèl nan fen 19<sup>yèm</sup> syèk la enpòtan pou asosyasyon l avèk yon antrepriz manifakti penti melanje pare, sa ki mete penti disponib nan yon laj varyete koulè ke yo te vann nan bwat ki sele.

## **MOHAWK VALLEY**

### **Konte Otsego**

Lemuel F. Vibber House, Richfield Springs –Pwobableman konstwi nan premye deseni 19yèm syèk la, kay la reprezante kòmansman men siksè kap pase nan yon seksyon riral ki konnen tankou yon kwen Federal, yon seksyon riral endistriyèl byen bonè ki disparèt lajman nan kòmansman ane 1840 yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418